# Авар мац1алъул дарс
# 9 классалда

Хунзахъ районалъул
Г1обода гьокьохъеб школалъул
муг1алим: Мух1амадова Пат1имат Г1.

# Дарсил тема: Определениелъун т1аджубараб предложение.

Дарсил мурад:

1. Жубараб предложение такрар гьаби.
2. Определениелъун т1аджубараб предложение баянго малъи.
3. Авар мац1алде рокьи куцай.

# Жубараб предложение такрар гьабиялъе суалал.

*1. Кинаб предложение кколеб жубараб предложение?*
*2. Жубараб предложение бук1уна к1иго бат1ияб. Кина-кинаб?*
*3. Гьаб сурат кинаб асаралъе данде кколеб?*
*Жубараб нахъбилълъараб предложение ургъе гьаб суратальул кумекалдалъун.*



# Союзал ва союз раг1аби.

## **Сок1к1иналъул союзал**

- Цолъизариялъул: *цинги,ва. -ги,жеги*
- Дандеккунгут1иялъул: амма, кинниги.
- Гьоркьоса рахъиялъул: *я,яги,ялъуни*

## Нахърилъиналъул союз раг1аби

- **Г1илла-мурадияб маг1наялъул:** щай абуни,щай гурого, щай гурелъул.
- **Х1асил бич1ч1изабулеб маг1наялъул:***гьединлъидал, гьелъие г1оло,гьелдалъун.*
- **Заманияб маг1наялъул:** *гьебмехалъ, гьебзаманалда, гьебсаг1аталда.*
- *Релъенлъиялъул маг1наялъул*: г1адин, кинигин.

Цинги

Амма

-ги

Ялъуни

Гьебсаг1аталда

Г1адин

Щай абуни

Жеги

Гьелдалъун

яги

# Гьал суратаздасан союзал ва союз раг1абиги гъорлъе ккезарун предложениял г1уц1е – **щай абуни, гьебмехалда, г1адин**.






Гаргаро жиндирго бугеб г1адин, г1амал к1одолъана Мусал.

Рет1елчур нилъее ц1акъ бокьула, щай абуни гьелъ нилъер г1умру бигьа гьабула.



Щай?

Нилъее авар мац1 бищунго бокьула, нилъер
эбел-инсуцаги гьеб бицунелъул.

Бет1ерабги т1аджубарабги. К1иго предложениялдасан г1уц1ц1араб бук1уна жубараб нахъбилълъараб предложение.



1.Подлежащеелъун т1аджубараб.

2.Бит1араб дополнениелъун т1аджубараб.

3.Хъвалсараб дополнениелъун т1аджубараб.



# Определениелъун т1аджубараб предложение.

Кинаб?

- Инсуца цебего къуч1 лъураб мина Г1ашибаца рехун теч1о.

Кинаб?

- Дица дуе бицана цо маргъа, жеги дуда раг1ич1еб.
- Дица жеги дуда раг1ич1еб маргъа бицина дуе.






Кинаб?

Инсуца жакъа ц1ияб босараб ц1оролкор лъик1 х1алт1улеб буго.

Эбелалъ кинидахъ дие ах1арал куч1дул дица дир лъималазеги ах1ула.



# Определениелъун т1аджубараб предложение причастияб сверелалдаса бат1а гьаби




Кинав?

Кида? Киве? Щиб гьабурав?

- Жеги маг1арухъе щвеч1ев цо маг1арулавги ватана дида интернеталда.

# Ригьа- ричиялъул заман.






# Гьал х1арпазул к1и-к1и цо раг1иялда гъорлъе ккезабун раг1аби ургъе.

- ГЪ, КЪ, ГЬ, Х1, КЬ.

  - Мисал : гьаракь
  - х1инкъизе

# Гьариялъул кагъат.



**Гьаб тексталда гъорлъ бате определениелъун т1аджубараб предложение.**

Гьаб буго гьудул маг1арулав доб сагула нилъер умумуз квачалда рет1унеб бук1араб. Цебе заманалда сагула щивасул рокъоб бук1ана.Турциялдаги маг1арулаз ц1унун руго гьел умумузул бат1и-бат1иял рет1елал. Г1езег1ан зах1малъиялда рукъулелги рук1ун руго сагулаби.
Ч1ахъаги умумул.



Ват1ан тун арасе талих1 кьоларо.
Гьеч1о нилъ рижараб ракь г1адаб жо.
Нилъерго бак1-алжан, чияр бак1-жужах1.
Росу тун арав хвезе росулъе вач1уна.
Рокъобе нух кидаго г1агараб.
Нилъерго улка-эбел, чияр улка-бесдал эбел.



# Баркала киназего дарсида гьабураб г1ахьаллъиялъухъ.

